

Imfashanyo y'imiryango yo muri Maine ifise Abana Bato



canke utere akamo
1-888-644-1130

Ubuhinga bwa CradleMe bwo kwita ku magara y'abana.

CradleMe ifasha mu kuguha aho batangira ubufasha mu mihana kuri wewe no ku mwana w'iwawe ku buntu. CradleMe ikorana n'imigambi myinshi.



canke utere akamo
207-287-3991

Porogarama ya WIC yo Gufungura Neza

WIC ufasha abantu bibungenze, abantu bonsa, n'abana bafise imyaka igera kuri 5, n'abana bitabwako kubw'immvo zitandukanye. WIC yitaho ingaburo yuzuye ikarungika imfungurwa ntungamagara, kwigisha ingaburo, imfashanyo mu kwonsa, no kurungikwa gufashirizwa ahandi.



canke utere akamo
1-888-644-1130

Ubuforoma mu vy'Amagara Rusangi

Abaforoma ba CDC mu vy'Amagara Rusangi muri Maine burungika ubuvuzi bwo mu mihana ku miryango. Abagore bose ba mbere na nyuma yo kuvyara hamwe n'impinza n'abana bose gushika ku mezi 12 bashobora kugenderwa n'Umuforoma mu vy'Amagara Rusangi. Nimba ufise ikibazo ku magara yawe canke y'umwana wawe, urashobora gusaba umuganga umwanya uwariwo wose, mu gutere akamo kuri numero ya CradleMe.



canke utere akamo
1-888-644-1130

Maine Mom

MainMOM itezimbere abantu bibungenze, n'abantu bafise nyuma yo kuvyara bakoresha imiti yububabare n'ababa babo mu gushiramwo ivyo kuvurisha vya mama n'imiti yo kuvyara. Amakuru yerekeye aho ibikorwa vya MaineMOM bibarizwa n'ukuntu wobirungikwamwo ushobora kubisanga kuri MomMOM.org.

Ukwitaho Umwana no Umugambi



Guhitamwo kuvura umwana izoba imwe mu ngingo nyambere ufata. Imigambi myiza irungika inyigisho kare z'ingaburo, kandi Maine ifise uburyo bwo gufasha.



Umugambi wo gufasha kwitaho Umwana (Child Care Affordability Program) ufasha imiryango ikwiye ibisabwa kuriha ubuvuzi ku mwana kugira abavyeyi bashobore gukora, baje kwiga, canke baje mu mugambi w'inyigisho nkarishabwenge w'akazi. Imfashanyo irahari kandi ku miryango ikwiye ibisabwa aho abakururuka bari mu zabukuru baraba abana vyemewe n'amategeko.



Umugambi w'Igikuriro y'Umwana rurungika uburezi bwiza cane bwa kare ku buntu n'inyigisho zijanye n'ingaburo, amagara, amagara yo mu mutwe, umuvyeyi/ukwita uburezi, n'imfashanyo y'imbere yo kuvyara ku bantu bakwiye ibisabwa n'imiryango ifise abana kuva bavuka gushika imyaka 5.

tera akamo
1-855-797-4357

MaineCare

MaineCare ni umugambi wa Medicaid muri Maine urungika ubwishingizi ku buntu canke ku giciro gito ku bantu bahembwa amahera makeyi, abana, abagore bibungenze, abakuze, n'abantu bagendana ubumuga. MaineCare bugufasha kuronka ubuvuzi ukeneye kuri wewe canke umuryango wawe. Ushobora gusanga amakuru aramvuye ukanasaba kwemererwa na MaineCare uciye kuri MyMaineConnection.gov.



canke utere akamo
207-642-7991

CoverME

Igikorwa vy'ubuvuzi gikorwa muri Maine (CoverMe.gov) kirungika amakuru ku buntu no ku giciro gito no guhitamwo ubwishingizi kuri Maine families. Ushobora kandi kuronka urutonde rw'amashirahamwe yo murako karere kawe ashobora kugufasha gutahura uburyo bwo kwivuza no kwuzuza ivyo gusaba.



canke utere akamo
1-833-714-7969

Help Me Grow Maine

Help Me Grow Maine ni ihuriro ryo hagati na hagati ryagenywe ngo rihuze imiryango ifise abana bavukiye azezi munane hamwe n'abita kubibungenze, ku makuru n'ibikorwa bijanye n'ugukura kw'umwana hamwe rero n'ibikoreshwa mu kibano. Mu bufatanye na 211 Maine, abafasha n'abarungika bashobora kuvugisha Help Me Grow kugira baronke imfashanyo yindi. Help Me Grow izokumviriza, ihuze imiryango n'ibikorwa, igire n'ivyo gukurikirana bose hamwe abavura n'abarungika abarwaye kuvurirwa ahandi.



Maine Families

Maine Families ni ihuriro ryagutse ry'imigwi ifasha abagore bibungenze kuvya nkenerwa vyabo, n'abavyeyi b'uduhinja dushasha. Abavura n'avigiye gukorera mu mihana, bazofatanyana nawe kugira uronke amakuru n'ibikoresho vyo gufasha mu bifadika n'ibishobisho amagara y'umwana wawe hamwe n'umuryango wose.



canke utere akamo

877-770-8883

Imfashanyo ya kare kuri JEWEL, ku myaka 0-3 n'Uburezi Rusangi Bukwiriwe ku Buntu ku bafise hagati v'imvaka 3-5.

Ku buntu no ku bushake, gutangurira ku gisata c'ivyariro kirungika inyigisho z'igikuriro n'amagara meza, n'ugutunganya inyigisho. Imfashanyo ya kare kuri JEWEL, kuva umwana avutse kugeza azezi atatu, irungika imfashanyo z'inyigisho, igakurikirana igikuriro n'izindi mfashanyo Abana bato, imyaka itatu gushika kuri itanu, baronswa Uburezi Rusangi Bukwiriwe ku Buntu n'ibindi bijanye n'igikuriro cabo (Ugufashwa ivy'igikuriro c'Umwana, Igice ca B).



Umugambi wo Kwitaho Ukuvura (Plan of Safe Care, POSC)

Umugambi wo Kwitaho Ukuvura muri Maine bishirwaho hagati y'ivyo kwitaho amagara canke ivyo kurungika mu kubaho, umu mama na/canke abandi bitaho amagara, gusuzuma inkomezi z'umuryango n'ibikenewe, hamwe n'ibikorwa bifasha abana n'imiryango Umugambi wo Kwitaho Ukuvura kenshi ubamwo kurungikwa ahandi canke ukarungika aho imiryango yokwikurikiranira amakuru



canke utere akamo
1-800-698-3624

Abana n'Imiyabaga bakeneye ubuvuzi bwihariye

Abana n'Imiyabaga bakeneye ubuvuzi bwihariye bakorana n'imiryango y'abana n'imiyabaga bari musu y'imyaka 22 bakeneye ubufasha bwihariye. CYSHCN irashobora gufasha imiryango n'amashirahamwe mu kuronka uburyo bikwiranye ubwambere n'umwana wabo. Abakozi bashobora gucisha imiryango mu nzira zizitanye zo kwa muganga, babahuzza n'ubuvuzi buzobashitsa ku kintu ciza gishoboka ku murwayi.



canke utere akamo
207-624-7991

Ubufatanye mu gusuzuma vya kare Umwana

Abahinga ba ECCP bakorana n'imiryango, abarungika ivyo gufasha abana, n'abigisha ngo bafashe mu bikenewe mu kwitaho ubuvuzi bwo mu mutwe ku bana bato kuva kuri 0-8 bafise inyifato canke ibishobisho mu buryo buteye amakanga aho bavurirwa canke ku mashule. Ibikorwa vya ECCP biri ku kiringo kigufi, ku bushake kandi ku buntu.

Kugira ukoreshe amakode ya QR, ugurura porogarama yo gufotora iri ku gikoreho c'iwawe maze uyirabishe kuri kode ushaka kuraba. Ihuza rizobonka ku rubuga — rifyonde kugira ukurikire urubuga.



Uru ni urwego rurungika amahigwe angana kuri bose.